

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Kabéh nu aya di alam dunya geus tangtu miboga ngaran séwang-séwangan. Ngaran téh mangrupa idéntitas nu utama pikeun rupa-rupa hal anu nyampak, teu nyampak, katinggali atawa nu teu katinggali. Pamohalan aya hiji hal, jalma, atawa banda anu teu boga ngaran. Aya sababaraha bujangga anu ngébréhkeun yén naon hartina hiji ngaran. Tapi jelas pisan éta mah ngan hiji ébréhan pikeun ngarayu, atawa mangrupa hiji majas, sabab hiji hal anu teu mungkin mun aya jalma anu teu boga ngaran. Hiji jalma anu gumelar di ieu dunya wajib hukumna boga idéntitas, ti mimiti ngaran, ping gumelar, tempat asal, nepi ka tékték bengékna. Kitu ogé jeung hiji tempat atawa wilayah. Kabéh wilayah tangtuna boga ngaran. Boh jalan, désa, kampung, atawa dayeuh.

Dipakéna ngaran-ngaran tempat nu aya kiwari teu sagawayah. Unggal ngaran tempat tangtu ngabogaan kasang tukang sajarah sasakala atawa sarsilah anu patali jeung kasang tukang budaya, sajarah, atawa naon waé.

Ari nataan ngaran tempat téh ilaharna sok disebut toponimi. Toponimi téh nyaéta salah sahiji cabang élmu kabumian anu maluruh ngeunaan masalah sajarah dina méré ngaran, panulisan, éjahan, kekecapan (Fonétik), jeung sumber daya dina unsur géograpi.

Toponimi téh raket pisan patalina jeung sajarah asal usul ngaran tempat atawa *folklore* (kabudayaan). *Folklore* salah sahiji bagéan tina kabudayaan, anu sumebar di masarakat jeung diwariskeun turun-tumurun sacara tradisional dina vérsi anu béda dina bentuk lisan atawa conto anu ditambahan ku hiji hal (*Mnemonic Device*) (Jamés Dananjaja: 1982).

Nurutkeun kajian *folklore*, toponimi mangrupa bagéan tina élmu onomastika (*onomastics*) anu ulikanana diantarana ngawengku méré ngaran jalan, ngaran jujuluk jalma, ngaran kadaharan, ngaran bungbuahan, kaasup asal-usul (legénda) ngaran hiji tempat dumasar kana sajarah ngajénggélékna. (Kosasih, 2004: 42).

Sistem toponimi di sakuliah tatar Sunda, éta hal bisa dibuktikeun ku lobana ngaran lembur nu sarua di sababaraha daérah. Sistem toponimi éta acan loba anu nalungtik pikeun dimangpaatkeun dina kahirupan masarakat Sunda hususna jeung masarakat Indonésia umumna. Di Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah FPBS UPI karék aya tilu nu nalungtik toponimi, nya éta panalungtikan nu digarap ku Dési Triani anu judulna “**Adegan Semantis dina Toponimi Désa/Kelurahan di Kota Bandung**”, panalungtikan nu digarap ku Nénéng Suhartini anu judulna “**Pakecapan dina Toponimi Désa di Kabupatén Kuningan (Tilikan Struktur jeung Semantik)**”, jeung panalungtikan nu digarap ku Iid Abdul Muiz anu judulna “**Adegan Kecap dina Toponimi Kampung di Kecamatan Bungbulang Kabupatén Garut**”.

Dina élmu *folkloré*, toponimi téh asup kana bab legénda nyaéta méré ngaran anu dumasar kana carita rayat. Ku kituna, ieu panalungtikan téh

dijudulan **“Toponimi Ngaran-ngaran Kampung di Désa Tanjung Wangi Kecamatan Cicaléngka Kabupatén Bandung dumasar kana Kajian Folklor”**.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah anu rék dipedar dina ieu panalungtikan baris diébréhkeun dina wangun patalékan.

1. Kumaha toponimi ngaran-ngaran kampung di Désa Tanjung Wangi Kecamatan Cicaléngka Kabupatén Bandung ?
2. Kumaha asal-usul éta kampung nepi ka dingaranan kitu?
3. Naon harti anu kakandung di ngaran éta kampung?
4. Naon anu jadi ciri has anu patali jeung ngaran éta kampung?
5. Kumaha éta tempat lamun disawang tina aspék sajarah, légenda jeung aspék mitologi, folklor, jeung kapercayaan?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Unggal kagiatan panalungtikan tangtuna boga tujuan, boh tujuan umum boh tujuan anu husus. Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta ngawanohkeun patémpatan anu aya di kabupatén Bandung disawang tina aspék toponimi. Ari tujuan hususna, sakumaha anu aya ieu di handap

- 1) Ngadéskripsikeun toponimi kampung-kampung anu aya di Désa Tanjung Wangi Kecamatan Cicaléngka Kabupatén Bandung;
- 2) Mikanyaho sajarah (asal-muasal) éta tempat nepi ka dingaranan kitu;

- 3) Mikanyaho arti anu kakandung tina ngaran éta kampung;
- 4) Mikanyaho ciri has anu patali jeung ngaran éta kampung;
- 5) Mikanyaho éta tempat dumasar kana sawangan aspék naon, naha sajarah, legénda jeung aspék mitologi, *folklore*, atawa aspék kapercayaan.

1.4 Manfaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh ngabogaan mangfaat salain ngabongkar, ngamumulé, jeung ngajaga sajarah sangkan éta sajarah teu tumpur atawa laas ku jaman, oge ieu panalungtikan bisa dipaké pikeun bahan pangajaran (sajarah asal-usul wewengkon).

1.5 Asumsi Dasar

Anu jadi asumsi dasar dina ieu panalungtikan téh kayaning ieu di handap

- 1) Unggal daérah boga sajarah anu jadi kasang tukang ngadegna daérah éta sorangan;
- 2) Unggal tempat teu sagawayah dingaranan, pasti aya aspék-aspék anu ngalantarankeun nepi ka éta daérah dingaranan kitu. Ku kituna, perlu dibuktikeun ngaliwatan hiji panalungtikan.

1.6 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Méthode déskriptif nya éta méthode pikeun ngadéskripsikeun atawa méré gambaran sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta jeung sipat-sipat populasi nu tangtu.

1.7 Populasi jeung Sampel Panalungtikan

Populasi dina ieu panalungtikan téh nya éta ngaran-ngaran kampung di Désa Tanjung Wangi Kecamatan Cicaléngka Kabupatén Bandung.

Ari sampel anu dipaké dina ieu panalungtikan téh nya éta sampel total. Hartina sakabéh populasi ngaran-ngaran kampung di Désa Tanjung Wangi Kecamatan Cicaléngka Kabupatén Bandung dijadikeun sampel panalungtikan.

1.8 Sumber Data

Anu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan nya éta warga satempat anu apal kana sajarah ngadegna éta tempat sarta nyaho asal-usul ngaran éta tempat.

Ari sampel anu dipaké dina ieu panalungtikan téh nya éta sampel total. Hartina sakabéh populasi ngaran-ngaran kampung di Désa Tanjung Wangi Kecamatan Cicaléngka Kabupatén Bandung dijadikeun sampel panalungtikan.